

Kisa pou M Fè Si Yon Ofisyè Polis Kanpe M



**DEPATMAN POLIS
MIRAMAR**

RANJE W SOU KOTE IMEDYATMAN

Ranje w sou kote dwat wout la epi kanpe machin ou an pi lwen liy trafik la ke w kapab.

Etèn motè ou ak tout lòt aparèy (radyo, CD, radyo kasèt, telefòn selilè) epi bese tout vit yo pou w ka kominike ak ofisyè a.

Lè yo rete w lè li fè nwa, limen limyè machin nan ak limyè ki andedan machin nan pou ofisyè a ka wè tout bagay byen fasilman.

Ou ka mande ofisyè a idantifikasyon si ofisyè a pa gen inifòm li sou li oubyen si machin patwouy li a pa gen mak ofisyèl legal yo.

RETE KALM

Rete kalm epi mande tout pasaje yo rete an silans epi rete kalm tou.

Kite senti sekirite w fikse epi mande pasaje ou yo kenbe senti sekirite yo fikse tou.

Rete sou syèj ou epi pa soti nan machin nan amwenke ofisyè a mande w fè sa.

KITE MEN W KOTE POU YO WÈ L BYEN

Kenbe men w pou yo wè l byen, de preferans sou volan an, epi mande pasaje ou yo pou kite men yo nan fason pou yo wè l byen oubyen sou jenou yo.

Pa fè okenn mouvman ke ofisyè a ta kentèprete tankou ou t ap sere oubyen chèche yon bagay.



DOKIMAN YO EGZIJE

Ofisyè a ap mande w lisans valid ou, prèv imatrikilasyon machin nan ak prèv asirans.

Di ofisyè a ki kote yo ye epi pran yo tou dousman pandan w kite yon men sou volan an.

KOMINIKE KLÈMAN

Reponn kesyon ofisyè a konplètman epi klèman.

Si w pa dakò ak ofisyè a, pa diskite pwennvi w nan moman sa- tann pou w genyen chans pou w fè sa devan yon jij nan tribinal.

Sitasyon an ap montre dat ak kote tribinal la ye a.

CHAJ OUBYEN SITASYON

Si sitasyon an pa klè, mande ofisyè a eksplike w li ak respè.

Y ap mande w siyen si ofisyè a ba ou yon sitasyon. Siyati w pa vle di ou dakò ou koupab. Sa vle di sèlman ou te resevwa sitasyon an.

SI W GEN ZAM SOU OU

Fè ofisyè a konnen si w gen zam sou ou nan machin nan si w gen yon pèmi legal pou w pote l.

Pa reziste si l palpe w. Yo fè sa si ofisyè a sispèk ou genyen yon bagay ki ka mete sekirite ofisyè a an danje.

Pa etone si yon lòt machin patwouy parèt. Sa se woutin e se sèlman pou asire ke ofisyè a an sekirite.

SWIVI

Si w panse yon ofisyè te aji nan fason ki pa apwopriye, kontakte ajans lan epi swiv pwosedi pou pote plent ki etabli a.

Si w gen kesyon sou lwa eta kote w ye yo, konsilte yon avoka oubyen reprezantan legal ajans lan ki abitye ak lwa eta yo.



PRATIKE RÈG LÒ A:

Trete ofisyè a jan w ta renmen pou l trete w.



DEPATMAN POLIS MIRAMAR

11735 City Hall

Promenade

Miramar, FL 33025

Ijans: 911

Ka ki Pa Ijans:
954-764-HELP(4357)



Chèf Dexter Williams

